



## Broward County Public Schools Diversity, Prevention & Intervention Department MTSS/RtI Parent Guide




### **Kisa yon Sistèm Sipò Plizyè Nivo ye - (MTSS)?** *What is Multi-Tiered System of Supports (MTSS)?*

**MTSS** se yon tèm itilize pou dekri yon modèl enstriksyon baze sou evidans, ki entegre enstriksyon ak entèvansyon onivo akademik ak konpòtman pou pwomouvwa sikse ak reyisit tout timoun.

### **Kisa Repons a Entèvansyon ye (RtI)?** *What is Response to Intervention (RtI)?*

**RtI** founi bon kalite enstriksyon ak entèvansyon ki matche bezwen akademik elèv-la, kontwole depre fason elèv-la reponn a diferan tip enstriksyon ak sipò.



### **Kijan MTSS/RtI va afekte pitit-mwen?**

- Sistèm sipò plizyè nivo (MTSS) va asire pitit-ou resevwa sipò nan divès nivo enstriksyon ak konpòtman; èd anplis-la baze sou sa pitit-ou bezwen aprann
- Pitit-ou kapab pran yon tè idantifikasyon ki detekte bonè pwoblèm akademik oswa kondwit, konsa lekòl-la va founi asistans ak sipò sito li konstate premye siy difikilte nan aprantisay
- Èd pou pitit-ou va ogmante oswa diminye, selon jan lap aprann nouvo konesans
- Nou ankouraje w patisipe, pran pa nan plannifikasyon epi founi entèvansyon ki kapab ede pitit-ou
- Ou va resevwa rapò regilye sou pwogrè pitit-ou lekòl

## *Kisa mwen kapab fè si mwen kwè pitit-mwen gen difikilte lekòl?*

- Pale ak pwofesè pitit-ou
- Revwa epi ede pitit-ou ak devwa li gen pou fè lakay-li
- Mande rankontre regilyèman pwofesè pitit-ou
- Selebri siksè pitit-ou lè li reyisi.
- Aprann piplis sou kourikoulòm, evalyasyon ak entèvansyon yap itilize kounye-a nan lekòl pitit-ou
- Patipis nan konferans (reyinyon) ak nan sesyon rezolisyon pwoblèm pou pitit-ou

### *Resous disponib pou Paran*

Gade videyo ki va enfòmè-ou sou jan lekòl-la itilize rezolisyon pwoblèm epi jan sa ka afekte pitit-ou. <http://www.florida-rti.org/parentResources/videos.htm>

Mit ak reyalyte. Pou revwa vre “verite” ki kache deyè kèk mit komen sou RtI ak MTSS, vizite lyen sa: <http://www.florida-rti.org/parentResources/myths/index.htm>

Pou plis enfòmasyon, kontakte depatman *Diversity, Prevention & Intervention* nan nimewo 754-321-1655 oswa vizite sit [www.browardprevention.org](http://www.browardprevention.org)



## *Kijan mwen kapab patipis nan MTSS/RtI?*

Fanmi jwe yon wòl enpòtan lè li sipòte sa pitit-li ap aprann lekòl. Plis fanmi patipis nan edikasyon ak aprantisay elèv, plis nou konstate akonplisman elèv-yo amelyore. Poze keksyon pou konnen piplis sou MTSS/RtI nan lekòl pitit-ou:

- Èske pitit-mwen ap reyisi lekòl? Kijan m’ap fè konn sa? Si li pap reyisi, poukisa epi ki sa nou ka fè diferaman pou ede?
- Si se nesesè, kijan lekòl-la va founi èd anplis? Kilès ki va ede pitit-mwen? Konben fwa? Pou konbyen tan?
- Kisa mwen ka fè pou m patipis nan rezolisyon pwoblèm ki konsènen pitit-mwen?
- Lakay, kijan m ka ede pitit-mwen avèk entèvansyon-yo?
- Kijan m ap fè konnen si entèvansyon-yo efikas?

<http://www.floridarti.org/parentResources/index.htm>